# NJUKEEL SOSSI RIIM

Duma taggook di sossi riim
Serigne Tuuba di kinu siim
Di kinu taal ba dunu giim
Wacc ngéén Sang Xaadim

Sopep sangup banii Aassiim
Solnay fooré falii Aaliim
Serigne Tuuba moodi kariim
Darajaam dara duko tiim

Fumu démaa jëléé fak néne
Kuko ci am dootoo séénéén
Serigne Tuuba amul fénéén
Xol bumu né du gis lénéén

Sakal nanu gëngi wéén
Guy sotti fiiba déwéén
Bunu goréé muy sunu méén
Kuko ci am du gnéé kénéén

Bambaay mbégum goorak jigéén
Aye noonam dootu nuko séén
Fafna doon di séénup téén
Déllooti doon di séénup réén

Rijaalyi doo séén moroom
Lim bu takku déés naléén boom
Gniignu alak léén fob séén koom
Bamba du gnoom té dugnu moom

Mësuta xiif bay raasi aloom
Xélam démul ci rëbbi boroom
Mësulééna diiss ay aajoom
Lagne kodaa jox amul soloom

Serigne Tuuba yow kiy borom léér
Nanganu déf nu mélni wéér
Aargnu té daxxal nu ak réér
Ba sunu xol du mélni xéér

*Serigne Tuuba yow kiy borom taar*
*Sunu lép nanga kọ aar*
*Sulil gnuy ndam té kaay fi jaar*
*Dolli xééwël farii bakaar*

*Yaanuy fajal sunuy tuuma*
*Noongi sakku sa jaaraama*
*Ci darajay Soxna Mariama*
*Moom ki am gaccé ngaalaama*

*Joxgnu lugnu mënë tabéé*
*Ci darajay borom Njabé*
*Té nangul nu sunuk taalibé*
*Té funu tollu nanuy dabé*

*Défal nup yar ak gisgis bu sar*
*Ku dajéék yow ëlëk da mar*
*Joxgnuy waru ak gnugnuy dar*
*Té funu tééw nanu fa jar*